Naaka la ni defe test bi?

Soo jotee bataaxal bi lay woo ci nga def test bi, Toppal jeego yi ci ñaari nataal yii, toppal jeego 1 Ak jeego 2, soo noppe nga dem ci jeego 3. Soo amul bataaxal bi dangay jeggil yooyu nga jàll ci jeego1 bu nu tollanti.

koleel etiket bu mag bi ci xëtu xammekaay gi gi nekk ,ci dig kit bi, soo noppee nga mottali fiis bi.



Sur ci etiket bu ndaw bi bind coi dat bi nga def test bi. Kole ko ci booru bu tàpp ndaar u buteel ci kaw rëdd yi.

« Tur » « dat bi » bind nanu ko ba noppi mottali leen bu baax fiisu xammeekaay gi ak etiketam bi nekk ci xët wi ci digg bi.



Kole ko ci boor bu tàpp ndaar u buteel bi ci kaw tur wi ak dat bi yi nekk ba noppi. Gannaaw loolu nakk ngeen jàll ci jeego 3.

Koleel kayit gi ngay jëlee dem-kër yi ci paxu wanag wi jêfandikool kayit guy kolewu ; bësal tuuti kait gi ci digg bi ngir amal ab xoot-xoot

Solo si : ngir test bi antu dem-kër yi waruta jaxasoo ak lundoxe (sow ,odusawel…).

Tur neel saañ bi ngir ubbi biteel bi.

Jëlal bànt bi nga xoos ci kaw dem-kër yi ci béréb yu bokkul.



Catu bànt bi bi nga xoosee war na taq ay dem-kër.

Tëjaatal bu baax biteel bi nga yëngal ko ak doole.

Settantaatal ndaxam mottali nga te kole nga bu baax etiket bi ci kaw biteel bi

Dugalal biteel bi ci biir mbuus mi koy aar.

Dugalal ci ambolog T :
●Mbuusu kaarange gi def biteel bi
●Fiisu xammekaay gi bi nu mottali

Tëjaatleen ambolog bi.

Ambolog boobu warees nanu koo yonnee ci post ba 24 waxtu gën gaa bari lu weesu nu noppi test bi.

Dinanu la yonne resiltaa yi ci 15 fan jaarale ko ci post bi

Soo ko bëgge jote ci enternet bindul ci biir sit bii www.resultat-depistage.fr

Ngir ngeen gën cee am xam-xam :

- Demleen ci seen metse
- Sure-cancer.fr.rubrique « depistage »
- ci telefon 0 805 123 124. Ci njëgu benn woote biir dale ko altine ba ajjuma 9 waxtu ba 14 waxtu. Ak samdi ci 9 waxtu ba 14 waxtu.
- ngeen dem ci kër yiy toppatoo mbirum depistaas ci seen departëmaa

Laaj yuyfaral di am :

- Ba kañ Lanu mana jëfandikoo test bi ?
  Wone nanu dat bi muy jeex ci kaw biteel bi
- Reeral naa walla biteel bi yàqu na lan laay def ?
  Laajal beneen bu bees sa metse
- Jëlin wi doxeewul nim ware
  Lan laa wara def ?
  Demal gisi metse bi walla kër gi yor mbiru depistaas bi ci seen biir departëmaa
  Kooku dina leen digal te joxleen test bu bees